


*Nan zafè laverite ak
lajistis, pa gen diferans
ant quo pwoblèm ak ti
pwoblèm, paske tout
pwoblèm ki gen pou wè ak
tretman moun se menm.*

Albert Einstein



Pou kesyon, oswa plis enfòmasyon, tanpri kontakte:


Kowòdonatè Tribunal Kominotè a
CommunityCourt@delaware.gov
302-255-2474

Sant Resous Kominotè
Leonard L. Williams Justice Center
2^{yém} Etaj - Anfas Biwo Avoka Biblik la
500 North King Street
Wilmington, DE 19801

Lendi - Jedi: 9:30 AM - 1:30 PM
Vandredi: 10:30 AM - 4:30 PM

Tribinal Kominotè Wilmington

N ap favorize jistik reparatris
epi mete kominote a an
kontak ak resous



8/2020

Kisa yo rele yon Tribinal Kominotè?

Tribinal kominotè yo mete patisipan yo an kontak ak sèvis kominotè ak sèvis sosyal kòm lòt opsyon apa prizon ak amann. Tribinal sa yo ki konsantre sou katye gen yon apwòch reparatris pa rapò ak lajistis, y ap ekspligate pouvwa sistèm lajistis la pou okipe pwoblèm lokal yo. Tribinal kominotè kapab pran plizyè fòm men yo tout konsantre sou tèt ansanm kreyatif ant manm kominote a ak solisyon pwoblèm.

Kiyès ki kalifye?

Ou gen dwa kalifye pou tribal kominotè si:

- Yo akize w pou enfraksyon kalifye ki annapre a nan Konte New Castle: dega sou byen moun ekspre, vyolasyon pwopriete, dezòd piblik, grafiti, valkanday, ti kantite dwòg, pwostitisyon, sou an piblik, oswa vòlè nan magazen.
- Ou dakò renonse a dwa w pou pwosè w fêt san pèdi tan.
- Ou dakò fè yon evalyasyon epi suiv rekòmandasyon yo.

Ou gen dwa pa kalifye si dosye w la oswa antesedan kriminèl ou gen ladan:

- Enfraksyon Vyolan
- Vyolans Familyal
- Enfraksyon Seksyèl
- Vyolasyon Pwobasyon

Se Tribal la k ap deside si w kalifye.

Kisa Sant Resous Kominotè a (CRC) ye?

Sant Resous Kominotè a ap travay nan tèt ansanm ak Tribal Kominotè Wilmington nan pou mete moun ki annafè ak lajistis ak manm nan kominote a an kontak avèk resous lokal yo. CRC a chita nan 2yèm etaj Leonard L. Williams Justice Center epi li ouvè chak jou depi nan lendi rive nan vandredi.

Kisa kèk nan lòt opsyon yo ofri yo ye?

- Sèvis Kominotè
- Seyans Tretman
- Randevou Medikal
- Kou Pedagojik
- Lòt Sèvis Sosyal

Kiyès ki kapab ale nan Sant Resous Kominotè a (CRC)?

- Tout moun ki ta renmen yo ede yo pran kontak ak resous.
- Moun ki annafè ak lajistis ki dakò patisipe nan pwogram Tribal Kominotè Wilmington nan.

Kijan mwen kapab patisipe nan Tribal Kominotè a?

Si w gen yon dosye ki pral nan tribal epi w gen avoka, mande si Tribal Kominotè a gen dwa yon bon opsyon pou ou. Si avoka w la konseye w fè sa, rele Sant Resous Kominotè a pou pran randevou pou yon evalyasyon epi pou jwenn plis enfòmasyon sou kondisyon pwogram nan.

Si w ap reprezante tèt ou epi w kwè ou gen dwa kalifye pou Tribal Kominotè a, tanpri kontakte Sant Resous Kominotè a pou wè si Tribal Kominotè a gen dwa yon opsyon pou ou.

Pandan w nan CRC a, y ap fè yon evalyasyon pou deside ki lòt santans ki apwopriye. Avoka w la (si w genyen), ou menm, yon avoka gouvènman ak Jij la ap egzaminen lòt santans sa a. Si tout moun dakò, ou gen dwa kòmanse lòt santans ou a.

Y ap bay patisipan yo nan pwogram Tribal Kominotè a yon Mènyèl Patisipan k ap bay tout detay ak kondisyon pwogram nan.

Si w reyisi pwogram nan y ap abandone pouosit dosye w la oswa (nan ka ra) y ap redui l a yon enfraksyon mwen grav.

Y ap voye moun ki kalifye pou sipresyon dosye yo devan yon antite ki apwopriye.



